***Ансаалиева Саида Авесовна***

***учитель адыгейского языка и литературы***

***МБОУ «СОШ» №1***

***аула Кошехабль.***

- ***Чыйзэфэшlыгъэ макъэхэмрэ мэкъэ lужъухэмрэ язэгъэшlэнкlэ зэфэшъхьаф lофыгъохэр.***

# 1.Карточкэхэу псэушъхьэхэр зэрытхэм ягъэфедэн.



- Мы<u>шъ</u>эр мэкIуа<u>шъ</u>э,
- МэкIуа<u>шъ</u>э и<u>шъ</u>ыпкъэу.
- Шъоум ар лъэхъу,
- <u>Шъ</u>ыпкъэ, икIас ар!

***Макъэу [шъ] къыкIаIотыкIыжьы, агу раубытэ.***



- Тхьак|умк|ыхьэр пк|этэ-лъатэу зэ дэпк|ае, зэ къепк|эхы.

***Макъэу [кI] — м фэгъэхьыгъ. КI — м буквитIу къызэрикIрэр къыхэсэгъэщы.***



- *Баджэр тхьагъэпцI ау дахэ.*
- *ПцIыус, ау шIыкIэшIу.*

ЧыизэфэшIыгъэ макъэу [цI] къыхагъэщы.
Баджэм изекIокIэ — шIыкIэхэм ахэлъ дэири дэгъури зэголъэу афэсэIуатэ.

# 2. Іурыіупчъэхэм ягъэфедэн.




- Мы щырыкъу шIуцIэхэр сэ зэрэсшIошIуцIэм фэдэу ори пшIощырыкъу шIуцIэха?

***Мы упчIэм иджэуап къыраты. Макъэу [шIу] къыхагъэщы. ІурыІупчъэр къаIожьы, яжабзэ зеушъомбгъу.***



- Бзыужъые кӏэгъэшкуашкор сэ зэрэсшӏобзыужъые кӏэгъэшкуашком фэдэу ори пшӏобзыужъые кӏэгъэшкуашкуа?

Макъэу [жъ] къыхащы. ӀурыӀупчъэр къыкӀаӀотыкӀыжьы. Жэбзэ къабзэкӀэ къызэрэзгъэгущыӀэщтхэм Ӏоф дэсэшӀэ.

# *3. Кроссвордхэр.*

- Кроссвордхэр зэхэсэгъэуцох, кIэлэеджакIомэ якIасэу къашIы.Ахэр темэу акIурэм есэпхых, зэфэхьысыжьым щэсэгъэфедэх.

# «Къыхэгъэщ мэкъэ Iужъухэр»

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | КЪУ | ШЪ | ХЬ | Э |
| 2. | ГЪУ | Н | Э | ГЪУ | | | |
| 3. | | | | ХЪУ | С | Е | Н |
| 4. | | М | Э | КЪУ | | | |
| 5. | | | | ЦУ | М | П | Э |

# Упчlэхэр:

- 1. Ышъхьагъ ос телъ, лъагэу lэтыгъэ, удэкlоенкlэ чыжьэ.
- 2. Партым къыбдыдэс, шъуищагу къыкlэрыс унагъу.
- 3. Лlыхъужъэу Андырхъуаем ыцl.
- 4. Чэмым ишхын, мэлми раты.
- 5. Гъэхъунэм къыщэкlы, плъыжьы, lэшlу.

# Ребусхэр.

- Ребусхэм якъэшӀын Ӏофыгъо гъэшӀэгъонмэ ащыщ. Ащи изыӀахь сиурокхэм щясэты, гущыӀэлъэ диктантхэми ащэсэгъэфедэ.

БЖЫ 

ЛЪА 

 У

# СИАДЫГАБЗ

Къины.

Онтэгъу.

Хьазабыр рыпIощтмэ —
ар Iэрыфэгъу...

...Ныбжьыкl адыгабзэр!

Сэ силэгъу,

Насып рыпIотэщтмэ, - ар
Iэрыфэгъу

ИшIэти огу нэф.

Сабыи макъэм фэд ащ
ичэф.

Игугъэ лъагэ.

ГукIэгъу кIэлъэIурэп
игущыIэ пагэ.
Иорэд гугъэтэджэу,
Насып дахэкIэ цIыфыгум
къеджэ.
Тэмабгъоу зеIэты,
инасып фэдэ къабзэу.
Сыд гъашIэ уиIэни,
ныбджэгъу
уимыIагъэмэ?
Тыдэ къикIына, сикъош,
адыгабзэр,
Адыгэмэ
зэхамылъхьагъэмэ!..

*Къуекъо Н.*